

# Yon Paj Regleman sou Admisyon nan Lekòl Konkou Antre yo

**3****LEKÒL**

Boston Latin Academy  
Boston Latin School  
John D. O'Bryant School of Mathematics and Science

**115****PWEN (maksimom)****8****KLASMAN**

## PREMYE ETAP : KILÉS KI ELIJIB ?

Elèv yo bezwen yon minimòm GPA (mwayèn jeneral nòt) de "B" pou nou kapab konsidere yo kòm pati gwoup kandida yo.

- **Ane Skolè '2022-2023:** elèv yo ap resevwa yon nòt, de 1 jiska 100 pwen, k ap genyen ladan l **mwayèn jeneral nòt yo (GPA yo) sèlman.**
- **Ane Skolè '2023-2024:** elèv elijib yo ap resevwa yon nòt konbine k ap baze sou evalyasyon (**30%**) ak mwayèn jeneral nòt GPA (**70%**) avèk kèk nòt anplis pwobab.

N ap ajoute **15 pwen** sou nòt yon elèv si li swa san lojman, si li swa anba swen Depatman Timoun ak Fanmi, oswa si li abite nan lojman gouvènman federal oswa lojman eta a kote ke se Otorite Lojman Piblik Boston ki pwopriyete l.

### OUBYEN\*

N ap ajoute **10 pwen** anplis sou pwen elèv sila yo ki te ale nan yon lekòl ane avan an kote ke 40% ou plis nan elèv yo te sot nan yon fanmi ki pa t genyen twòp mwayen ekonomik.

**\*Elèv yo p ap resevwa pwen anplis pou toude domèn yo.**

## DEZYÈM ETA : KILÉS KI ENVITE ?

100% nan envitasyon yo distribye atravè grad dirèk andedan **8** klasman sosyoekonomik.

### Ki sa yon klasman ye ?

Yon klasman se yon gwoup zòn jeyografik nan vil la ki genyen karakteristik sosyoekonomik similè (sètadi : ki sanble).

Ap genyen **8 klasman toupatou nan vil la**, e an jeneral klasman yo ap anviwon menm gwosè ak youn lòt, selon kantite timoun ki gen laj lekòl ki nan klas 5yèm jiska 8yèm ane. N ap kalkile klasman rejyon resansman yo chak ane.

Chak klasman ap resevwa apeprè menm kantite plas. N ap distribye envitasyon yo nan 10 tou, kote ke ap genyen 10% nan plas disponib yo andedan chak klasman k ap distribye pandan chak tou. **Klasman ki genyen plis bezwen an ap prale an premye nan chak tou.**

Pou elèv sila yo ki genyen menm nòt nan menm klasman, n ap itilize chif owaza deziyen yo a pou n detèmine nan ki lòd y ap klase. Moun ki genyen chif owaza ki pi ba a ap klase pi wo pase lòt (yo).